

SERAT SRI UTAMA

~ PUPUH I ~ DHANDHANGGULA

1. Arungsit sru déramba mrih manis, lwirnya angèl gyan ulun ngupaya, ing têngbung tinêngbungaké, binangkitkên andudud, lêngênging tyas kanang sudyapti, wardinya sukèng driya, kang sudi ing kayun, kayun karsa jarwanira, miyarsakkên sumawana ngudanèni, marang ing srat punika.

Begitu sulit bagi saya menjadikannya indah, ibarat sulit tetap saya upayakan, di setiap kata-katanya agar menarik, Penyejuk jiwa yang baik, maksudnya menyenangkan hati, bagi yang sudi berkeinginan, berkeinginan untuk memahami, mendengar serta mengamati, terhadap serat ini.

2. Pêpêngêtan nalikanya nguni, ulun ngabèhi Atmasukadga, mundhi dhawuh sangandhapé, padéndra kang Sinuhun, Kangjeng Susuhunan utawi, kang tyasnya jawi iman, mashurkên yèn tuhu, nata pakuning buwana, myang sayidin panata gama mêngkoni, Kadhatyan Surakarta.

Peringatan dahulu kala ketika, saya Ngabehi Atmasukadga, mendapat tugas dari, Sang Raja yaitu Sinuhun, Kangjeng Susuhunan atau, yang dipercaya di tanah Jawa. Termasyur benar, sebagai pedoman di dunia, serta pemimpin agama yang memimpin, Keraton Surakarta.

3. Hadiningrat darwanirat jawi, ulun kinèn ngirita supadya, Radyan Tumênggung parabé, Arung-|binang Sri Wadu, dé Sri Wadu wau winardi, wadya dalêm naréndra, pamajêgan dhusun, ing gêgatan umawrina, têngêsipun umawrina wruha maring, krêtêg Bacêm Ngutêr myang.

Hadiningrat yang memimpin tanah Jawa. Saya diperintah untuk mengiring, Raden Tumenggung yang bernama, Arungbinang Sri Wadu, sedang Sri Wadu tersebut dijelaskan, seorang prajurit raja, seorang pamajegan dusun, yang pantas umawrina. Maksudnya umawrina supaya tahu, jembatan Bacem, Nguter,

4. Padhasgêmpal Samaulun nami, saha ulun nalika dinuta, mrih kyai lurah uningèng, krêtêg sakawan wau, lawan dipunparingi kanthi, ngabèhi Taliwanda, myang dhawuh Sang Prabu, tiyang tiga ulun lawan, kanthi kula wau Taliwanda tuwin, Dyan Mênggung Arungbinang.

Padhasgempal dan Samaulun. Dan ketika saya mengiring, kyai lurah untuk mengamati, keempat jembatan tersebut, dengan diberi teman, Ngabehi Taliwanda. Untuk melaksanakan tugas dari Sang Raja, tiga orang dengan saya, teman saya Taliwanda serta, Raden Tumenggung Arungbinang.

5. Sami ingandikakkên sarimbit, lan swaminya sarta kapatêdhan, swaniti motor sartiné, dhawuh dalêm Sang Prabu, angkatira saking ing panti, nêtêpana wanci

jam, énjang pukul pitu, ya ta badhamyan winarna, angkatira ingangkah maréngi ari, Ngad Wagé nuju tanggal.

Semua diceritakan berpasangan, dengan istrinya serta diberikan, kendaraan motor. Perintah sang raja, keberangkatan saya dari rumah, tepat pada pukul tujuh pagi yakni penuh perdamaian. Diceritakan keberangkatan saya yakni pada hari Minggu Wage tanggal,

6. Kaping astha wêlas Pébruwari, taun sapta juga rong prawira, déné lèk jawi tanggalé, ping kawanlikur nuju, Rabyalakhir warsa maréngi, puniku winastanan, Dal angkaning taun, wiku suci murtining rat, Ijrah Nabi tata guna gunèng aji, Kunthara windunira.

Delapan belas Pebruari tahun 1917. Sedangkan kalau tahun Jawa tanggal dua puluh empat Rabiulakhir tahun yang dinamakan tahun Jimawal 1847. 1335 H. Windunya windu Kunthara.

7. Duk ing Saptu dalu ngrintênkên ri, wau Ngahad kang samyarsa mangkat, kacarita nalikané, déra samya galugur, guling layap byur-byuran ngililir, dadya mèh tantuk nêndra, dupi wancinipun, pukul tiga tangi samya, adus wusnya palêstha dènira mandhi, asamya wiwit dandan.

Ketika Sabtu malam menjelang hari Minggu, mereka yang hendak berangkat diceritakan pada waktu itu semua berbaring, tidur berserakan lantas terjaga sampai hampir tidur lagi. Begitu waktu menunjukkan pukul tiga pagi kesemuanya bangun, mandi, seusai mereka mandi semua mulai berdandan.

8. Jroning dandan amyarsakkên maring, ting cruwi-|tnya swaraning kukila, kang nèng taron pomahané, cingcinggoling lan manuk, thilang glathik êmprit lan pêking, angocèh swaranira, wèh rênèng pangrungu, mimbuhi sênênging driya, dènnya samya ginanjar jêng Sri Bupati, arsa winyatkên arga.

Selama berdandan terdengarlah kicauan suara burung yang ada di pekarangan rumahnya. Burung cingcinggoling dan burung kutilang, gelatik, pipit dan peking. Berkicaulah suaranya Begitu merdu saat didengar. Menambah senangnya hati Mereka yang menerima tugas dari sang raja untuk pergi ke gunung.

9. Sadaya wus rampung dènnya sami, amanganggya purwa prabangkara, purwa prabangkara Iwiré, ing wétan cahyanipun, Sang Hyang Surya sampun nyoroti, nyilakkên rêpêting rat, sirna dadya santun, panjangglanging satngah saptu, wau ingkang samyarsa kula ampiri, wus sawégèng pandhapa.

Semuanya telah selesai, didapatilah purwa prabangkara, purwa prabangkara maksudnya di timur cahayanya matahari sudah menyinari, menerangi gelapnya dunia hingga menjadikannya terang. Terangnya menunjukkan setengah tujuh, Mereka yang hendak saya jemput sudah siap di pendapa.

10. Déné ulun kang ngripta bêbisik, Atmosukadga ugi mangkana, satngah saptu ing wanciné, sampun sawéga lungguh, nèng pantyasa ngarsa ngantyani, wau motor| wahana, paring jêng Sang Prabu , dupi wanci jam kasapta, kirang dasa mênut abdi dalêm supir, Bêkêl Wiginya saksana.

Sedangkan saya yang mengarang bernama Atmasukadga yang juga demikian, pada pukul setengah tujuh sudah siap duduk di depan saya menunggu di kendaraan motor pemberian sang raja. Sampai pada pukul tujuh kurang sepuluh menit abdi dalem sopir Bekel Wignya segera,

11. Nyudhiyakkên rikanang swaniti, motor munggèng salor wiwaramba, srog prapta taman talompé, ulun umangkat laju, anumpaki wau swaniti, sarimbitan swamimba, wusnya tata lungguh, masin pinutêr lumaksa, swaranira sès-sès uwab wimba wèh wrin, mring janma kang tumingal.

Menyiapkan kendaraan tersebut. Motor berada di utara pintu rumah saya, tak lama kemudian saya melaju menaiki kendaraan tersebut bersama dengan istri saya. Seusai menata duduk, mesin dinyalakan lalu berjalan. Suara ses-sesnya seakan memberi peringatan kepada orang-orang yang melintas.

12. Gya lumaksa sêr myang dyan ngampiri, mring kang parlu katuju karséndra, mrih myat krêtêg catur kèhé, nênggih ki lurah wau, Arungbinang ingkang bêbisik, lajêng kèwala mangkat, lan wau tan kantun, Taliwanda sarimbitan, nulya samya alungguh munggwèng swa-|niti, wusnya satata sila.

Segera melaju menuju yang hendak saya jemput, menuju yang hendak dituju sesuai kehendak raja, untuk mengamati jembatan yang berjumlah empat. Yaitu tersebut ki lurah yang bernama Arungbinang. Langsung saja berangkat, dan tidak ketinggalan pula Taliwanda beserta istri. Kemudian kesemuanya duduk di kendaraan. Seusai menata duduk,

13. masin motor gya pinutêr nuli, swara sès-sès ngêsês kukusira, anyêmprot kaworan ing wé, nulya manglêr lumaku, karindhikkên nanging upami, katututan turangga, wus manyok kang sêngkut, parèstri kang nut manumpak, tinuduhkên kang dèrèng dipunwêruhi, suka tan èngêt wuntat.

Kemudian mesin motor segera dinyalakan, suara ses-ses mendesis, uapnya menyembur bercampur air. Kemudian berjalan lambat, diperlambat namun dengan kira-kira. Disalip oleh kuda. Sudah jauh tersebut yang menyalip. Para perempuan yang ikut naik diberitahu yang belum diketahui. Begitu senang hingga tidak ingat yang sudah terlewati.

~ PUPUH II ~ P A N G K U R

1. Dupi prapta tanggul nulya, winêruhkên krêtêg Tanggul yaiki, dupi jlêg sampun kalangkung, krêtêging Kaliwingka, sawatara rinikatkên lampahipun, sumiyut ing Grogol prapta, lampahira rindhik malih.

Ketika tiba tanggul kemudian diberitahukan jembatan Tanggul ini. Begitu tiba sudah terlewati jembatan Kaliwingka. Sementara lajunya dikencangkan. Kemudian tiba di Grogol, lajunya diperlambat kembali.

2. Awit Grogol wau pasar, lêng-ulêngan janma anêngah margi, krana ing pranatanipun, mring supir ingkang samya, anglampah-|kên motor kalamun pakéwuh, marga ingkang dipunambah, karindhikkên myang akanthi.

Oleh karena Grogol tersebut pasar yang ramai dengan orang-orang hingga ke tengah jalan. Karena sudah menjadi peraturan kepada semua sopir yang menjalankan motor untuk segan-segan. Mengingat area yang dilaluiteman saya menyuruh saya untuk mengurangi kecepatan.

3. Sagung duga dugèng driya, pinasang ing pikir ywa nganti lali, sagung pakéwuh wus putus, iku supir utama, kacarita lampahing motor wus tutug, ing krêtêg Bacêm kaambah, karindhikkên dènnya laksi.

Banyak perkiraan dalam hati. Terpasang dalam pikiran jangan sampai lalai. Rasa segan sudah berlalu, demikian tersebut sopir utama. Diceritakan laju motor sudah sampai di jembatan Bacem. Diperlambat jalannya,

4. Mrih samya trang pakartinya, rosa saé tan wontên nguciwani, kyahi lurah dyan tumênggung, nabda marang kang aran, Taliwanda pinrih nindakkên pangukur, winangsulana yogyanira, mangké kémawon manawi.

Supaya semua dapat jelas. Kuat dan bagus tidak ada yang mengecewakan. Kyai lurah raden tumenggung berkata kepada yang bernama Taliwanda untuk melaksanakan pengukuran. Dijawablah “sebaiknya nanti saja jika,

5. Sampun wangsul lampahira, saking krêtêg Padhasgêmpal rumiyin, gya Samaulun ingukur, ing panjang wiyarira, lajêng Ngutêr sumawana Bacêm rampung, kyai| lurah waluyannya, ya bènêr iku prayogi.

Sudah pulang dari perjalanan. Dimulai dari jembatan Padhasgempal, kemudian Samaulun diukur panjang lebarnya, lalu Nguter serta Bacem selesai. “Jawabnya kyai lurah“ iya benar itu bagus,

6. Lamun wus bali kéwala, motor nulya linampahkên kinardi, sawatawis rikatipun, larisnya dyan wus prapta, pos wétannya Kaliwonan kang sinêbut, kabupatèn Sukaharja, nanging dènira lumaris.

Jika sudah kembali saja.” Motor kemudian dijalankan. Hanya sebentar melaju perjalanan sudah sampai pos timur Kaliwonan yang disebut kabupaten Sukaharja tetapi lajunya

7. Wau motor malah mandar, trusnya ngidul wimbuh rikat sakêdhik, prapta krêtêg Ngutêr sampun, karindhikkên lampahnya, ugi mamrih têrang ing pakartinipun, arsitêg sanyata dibya, pakartinya dèra kardi.

Motor tersebut justru semakin keselatan ditambah kencang sedikit, tibalah di jembatan Nguter, lajunya diperlambat agar jelas dalam pikirannya. Arsitek benar-benar pandai berfikir di dalam bekerja.

8. Bagus santosanya kêmbâr, lawan krêtêg Bacêm kang wus kawuri, namung kaot dirganipun, sinawang lan lumampah, panjang wiyar krêtêg Bacêm nanging lamun, sampun dênukur kintênnya, botên kaot sapara tri.

Bagus dan kuatnya sama dengan jembatan Bacem yang telah dilewati, hanya selisih panjang kelihatannya dan sepintas lebih panjang dan lebar jembatan Bacem tetapi begitu sudah diukur kiranya tidak sampai selisih sepertiganya.

9. Kula kang ngripta pêngêtan, têmbung anak sarta kêris kinawi, nun Atmasukadga ulun, kang nyupir saking praja, nalikanya motor rindhik lampahipun, ki lurah bêbisik nabda, kulup gonku arang angling.

Saya yang mengarang peringatan, merangkai kata dan membuat keris, yaitu saya Atmasukadga yang menyetir dari kerajaan. Ketika motor lambat lajunya kyai lurah berkata berbisik “nak, penyebabku jarang berkata,

10. Marang sira déning sabab, têmbung dhaup gêntha dara jinarwi, panêmu myang panyawangku, wong nyupir iku kêna, dènèmpêrkên lan janma nurat nuju, tan kêna dènjak rasanan, awit kadya sira iki.

Kepadamu oleh karena kata digabung diganti serta diubah menurut pendapatku orang menyetir itu dapatdiibaratkan seperti orang yang sedang menulis, tidak boleh diajak berbincang-bincang seperti halnya kamu ini.

11. Gonmu nyupir ati tangan, sarta pada tansah anambut kardi, kula anulya umangsul, dhumatêng kyai lurah, tan kênging krêp imbal wuwus mandar angur, janma nyrat dènjak raosan , yèn salah namung dènkêrik.

Berhati-hatilah kamu dalam menyetir baik tangan serta kaki harus senantiasa bekerja sama.” Saya kemudian menjawab kepada kyai lurah “janganlah khawatir justru jika orang menulis diajak berbincang-bincang jika salah hanya tinggal dikerik saja.”

12. Ki lurah nulya maluya, iya bènêr kulu-|p gonmu mangsuli, ki lurah gya nabda manglung, cêlak mring karna amba, bisik-bisik makatên bêbisikipun, mêngko yèn lurungé padhang, motor dènira lumaris.

Kyai lurah kemudian menjawab “iya nak benar jawabmu”. Kyai lurah segera merunduk berkata dekat telinga saya berbisik-bisik demikian bisikannya “nanti jika jalannya sepi laju motor,

13. Sêngkakna lumarisira, mamrih para swami iku udani, rasané motor sru mamprung, kang binasakkên kêna, janma lémpoh jajah jaban jagad kêmput, nir pralambang kang tumimbang, rikatira kadya kuwi.

Percepatlah jalannya, agar para istri merasakan rasanya motor yang begitu kencang yang dapat diibaratkan orang lumpuh berpetualang menjelajah dunia bukan itu perumpamaan yang menyamai, kencangnya seperti itu”.

14. Nun prayogi waluyamba, dupi sampun wontên wradinan rêsik, têngsnya samun tumlawung, janma kéwan tan ana, gumalibêsing margi dinulu suwung, ing ulun rikatkên nulya, plas ngêsuk swasana nami.

“baiklah.” Jawab saya. Begitu sudah berada di jalan sepi maksudnya sunyi sepi manusia dan hewan tidak ada yang melintas, jalan terlihat sepi kemudian saya kencangkan hingga memecahkan suasana,

15. Dadya lir angin prahara, manjing jroning motor angosak-a-|sik, rambuting pra swami wau, tansah ngêlus kêswnya, priyanira pitakon priyé rambutmu, pra wanita waluyanya, dahat dènnya mosak-masik.

Seperti angin prahara masuk ke dalam motor mengobrak-abrik rambut para istri tersebut. Dengan mengelus kumisnya, suaminya bertanya, “bagaimana rambutmu?” jawabnya para wanita “semua begitu berantakan.”

16. Ki lurah dyan mênggung nabda, mring swamèngwang makatên dènira ling, Dyan Ngantèn Kadga sira dhuk, coba-coba gawéa, pralambangé motor dènira lumaku, swamèngwang aris maluya, makatên dènira angling.

Kyai lurah raden tumenggung berkata kepada istri saya, demikian perkataannya “kamu nak, Raden Nganten Kadga coba buatlah perumpamaan mengenai laju motor!” istri saya menjawab dengan pelan, demikian jawabnya,

17. Kula sampun krêp késahan, mring Bandhung myang Surapringga Batawi, dhawuh sorpada Sang ulun, Gusti Pêpundhèn amba, Kangjêng Ingkang Sinuhun kang sih mring wadu, numpak ègprès rikatira, dèrèng sami lan puniki.

“Saya sudah sering bepergian ke Bandung Surapringga Batawi dibawah perintah raja saya Kangjeng Sinuhun yang sayang prajurit naik ekspres kencangnya belum sama dengan ini.

18. Amila motor punika, lumaksanya kawula angaturi, pralambang lambanging ngèlmu, janma cébol anglunjak, tranggana nèng lokamantala kajumput, rêbatan lan janma wuta, kalangan têtbaning langit.

Maka motor ini saya katakan kencangnya ibarat perumpamaan ilmu manusia kerdil melompat kegirangan di luasnya jagad rayasaling berebut dan orang buta yang mengelilingi luasnya langit.”

19. Puwara jlêg sampun prapta, wontên krêtêg Padhasgêmpal lir ngimpi, andaradasih satuhu, Padhasgêmpal kaambah, sampun rindhik motor wau lampahipun, kula tur maning pralambang, rikatnya motor lumaris.

Begitu berhenti sudah sampai di jembatan Padhasgempal bagai mimpi. Begitu menakjubkan. Padhasgempal ditapaki. Sudah lambat laju motor tersebut, saya berkata kembali mengenai perumpamaan kencangnya laju motor,

20. Kadya kitab caritanya, duk jêng Nabi Panutup anitih, paksi burak namanipun, katimbangan Pangéran, sabên mlumpat salumpatan têtbihipun, lampahan gangsal tus warsa, ki lurah sukèng tyas angling.

Seperti kitab cerita nabi penutup ketika menaiki burung yang bernama burak dipanggil Tuhan, setiap satu kali melompat jauhnya seperti perjalanan lima ratus tahun. Kyai lurah senang hatinya kemudian berkata,

21. Dhatêng kula dènyya nabda, lé rasakna swaminta dèra kardi, pralambang mangkono mau, kula gumlêgês sarta, amangsuli dhumatêng ki lurah wau, inggih sanggya rêraosan, nèng jronya motor puniki.

Demikian perkataannya “nak rasakan hasil bekerjamuseperti perumpamaan yang demikian tadi.” Saya hanya tertawa serta menjawab kepada kyai lurah tersebut “iya.” Hingga terjadi perbincangan di dalam motor ini.

22. Mung kinarya mangrênèng tyas, dènyya sami angsal sih dèndhawuhi, karsa dalêm Sang Aprabu, kinèn samya bêsiyar, gêgirang tyas mring arga praptaning gunung, mung kadi janma supèna, amargi saking nagari.

Hanya berlandaskan rasa senang di hati, mereka yang menerima tugas dari sang raja, diperintah untuk melakukan perjalanan. Merasa senang dalam hati dari gunung hingga gunung. Hanya seperti orang bermimpi, karena dari kerajaan

23. Pukul sapta ing umangkat, sampun prapta Padhasgêmpal banawi, kang dèn krêtêg warnipun, dipunambah punika, dados pintên jam danguning lampahipun, ki lurah lajêng maluya, mung juga satngah jam prapti.

Berangkat pada pukul tujuh dan sampailah di bengawan Padhasgempal yang wujudnya berupa jembatan yang ditapaki sekarang. Jadi berapa jam lamanya perjalanan. Kyai lurah lalu menjawab “hanya satu setengah jam sampai.”

24. Ing bangawan Padhasgêmpal, motor ngong dhêg Taliwanda lan supir, Dèn Bêkêl saksana mudhun, ngukur wau jêmbatan, rampungira ing pangukur lajêng wangsul, numpak motor malih nulya, pratéla panjang wiyaring.

Di bengawan Padhasgempal motor saya hentikan, Taliwanda dan sopir Raden Bekel segera turun mengukur jembatan tersebut. Begitu selesai mengukur lalu kembali menaiki motor, kemudian jelas sudah panjang lebar,

25. Wau krêtêg Padhasgêmpal, nanging ulun kang ngripta pratéla mring, sanggyanira kang mahayun, nungkara srat punika, ukur krêtêg-krêtêg ing sadayanipun, badhé kapratélèng wuntat, supaya trang tharik-tharik.

Jembatan Padhasgempal tersebut. Akan tetapi saya yang mengarang menjelaskan kepada yang berkehendak atas kesanggupan saya, yang menunggu serat ini, bahwa ukuran jembatan kesemuanya akan dijelaskan di belakang supaya dapat begitu jelas.

26. Yata mangkyamba carita, sampunira makatên motor nuli, kula lampahakên têrus, mangetan sabên ludhang, madyanira| ing ênu dinulu suwung, motor ngong lariskên rikat, sakêdhap kèwala prapti.

Tersebutlah nanti saya bercerita, sesudah demikian motor kemudian saya lajukan lurus ke timur, setiap senggang atau jika menurut saya terlihat sepi, motor saya lajukan kencang. Hanya sebentar saja sampai,

27. Ing Jati Bêdhug arannya, duk nèng ngriku motor dyan ngong abani, crag-crèg tyasnya motor wau, mangêrtos kèndêl nulya, Kyai Lurah Arungbinang yèku laju, pitanya marang sujanma, kéné iki lurung ngèndi.

Di Jati Bedhug. Ketika di situ motor saya atur crak-crek suara motor tersebut, lalu berhenti. Kemudian Kyai Lurah Arungbinang tersebut berjalan, bertanya kepada seseorang "di sini ini jalan apa?"

28. Kang tinanya aturira, tiyang ngriki anggènipun mastani, wradinan ing Jati Bêdhug, kya lurah gya pitanya, purwanira priyé déné para manus, ngarani mangkono samya, aturnya wau sujanmi.

Yang ditanya menjawab "orang-orang di sini menamainya jalan di Jati Bedhug. "Kyai lurah segera bertanya "awalnya bagaimana sedang orang-orang menamai demikian?" Jawab orang tadi

29. Criosnya wong wréda- wréda, ing wanadri ngriki punika nguni, wontên wit jati gêngipun, sa-|bêdhug kang gêng dahat, kyai lurah anulya malih andangu, pogogé mau mandira, ingkang aran kayu jati.

"Cerita dari orang-orang tua di perbukitan ini dahulu kala ada pohon jati yang besarnya seukuran bedhug yang amat besar." Kyai lurah kemudian bertanya kembali "pangkal pohon tersebut di mana, yang bernama kayu jati,

30. Saikiné iku apa, ijéh wujud kang tinanya mangsuli, sampun ical wujudipun, ambok bilih kéwala, wus kurugan saking siti lunturipun, ing rêdi déning kawruhan, samantên praptèng sapriki.

Sekarang itu apa masih ada?" Yang ditanya menjawab "sudah hilang wujudnya, mungkin saja sudah tertimbun oleh longsornya tanah, menjadi pengetahuan di gunung dari dahulu hingga saat ini."

31. Kèndêl kya lurah takyannya, wontên ngriku motor ngong putêr bali, gya mring krêtêg Samaulun, sawusira tumêka, krêtêg wau motor kula dhêg myang ulun, manggènkên nèng pinggir marga, parluning tyas ngong supadi.

Selesai kyai lurah bertanya, di situ motor saya putar balik menuju jembatan Samaulun. Sesudah sampai di jembatan tersebut motor saya hentikan, saya tempatkan di pinggir jalan maksud hati saya supaya.

32. Dyan Bèhi Taliwanda myang, Bêkêl Wignya saksana mudhun sami, angukur karêtêg wau, wusnya rampung anulya, wangsul maring rata motor minggah sampun, gya lapur pétang ukuran, mring ngong kasmaran kulingling.

Raden Ngabehi Taliwanda serta Bekel Wignya segera turun mengukur jembatan tersebut. Setelah selesai kemudian kembali naik ke kereta motor, segera melaporkan hitungan ukuran. Saya merasa kagum sekali,

~ PUPUH III ~
ASMARADANA

1. Mila wangsul kula saking, krêtêg Samaulun nulya, lampahnya wahana motor, ngong ubang-ubêngkên marang, angambah marga-marga, margèng kutha kang sinêbut, Wanagiri larisira.

Maka kembali saya dari jembatan Samaulun kemudian lajunya kendaraan motor saya bawa berkeliling-keliling menelusuri jalan-jalanjalan di kota yang disebut Wanagiri. Kecepatan,

2. Ing motor ngong karya aris, Kyai Lurah Arungbinang , dyan tanya-tanya marang ngong, kula gya matur wontênnya, ing Loji Asistènan, myang kabupatèn sartèku, Pacinan myang pasar-pasar.

Motor saya kurangi. Kyai Lurah Arungbinang kemudian bertanya-tanya kepada saya. Saya menjawab apa adanya “di Loji Asistenan serta kabupaten serta tersebut Pacinan, pasar

3. Pakampunganing wong jawi, wêwêngkon kutha Wanarga, kiyai lurah sabdané, dadya ki aldaka ingkang, katon sinawang sangka, ing Ngutêr katoné dhuwur, ing saiki kaidakan.

Perkampungan orang Jawa di bawah pemerintahan kota Wanagiri.” Kyai lurah berkata “jadi gunung yang senantiasa terlihat dari Nguter terlihat tinggi sekarang telah ditapaki?

4. Lah kok bènêr mau kaki, panungggangé iku rata, swaminta dènira gawé, pralambang kasêbut ngarsa, gèpok ngélmü sêmunya, yaiku supangatipun, sorpada jeng Sri Naréndra.

Lho kok benar tadi nak, laju kereta seperti yang kamu buat perumpamaan seperti yang tersebut di depan, seperti mencari ilmu yakni bermanfaat atas diri raja,

5. Sih matêdhani swaniti, sasat lir thathit lampahnya, sakêdhèpan wus prapta srog, ing kutha Wanagiri kang, tumumpang lumahira, bumi gunung kang kapétung, rada srénggikèni kambah.

Yang telah memberi kendaraan yang lajunya seperti petir, satu kedipan saja sudah sampai di kota Wanagiri yang bentangannya bersusun, terbilang pegunungan, yang ditapaki.

6. Ing sujanma myang| kinardi, kutha pasar myang pomahan, sumawana rêrèkané, loji sarta kabupatyan, kagolong wus prayoga, aja manèh kéné kulup, yèn ora kinarya yogya.

Oleh orang-orang dibuat kota, pasar serta pemukiman serta sudah terbilang sebagai pemukiman dan kabupaten yang sudah tergolong bagus. Apalagi di sini nak mana mungkin tidak bagus?

7. Lah wong kulup mau margi, kang mring Jati Bêdhug rannya, anggumunkên gumriningé, myang amba tangguling marga, bêtar wilis dhukutnya, kula anulya umatur, kasinggihan kyai lurah.

Tadi saja nak jalan yang ada di Jati Bedhug kebersihannya begitu menakjubkan. Bentangan tanggulnya jalan dipenuhi berbagai jenis rerumputan.” Saya kemudian berkata yang kemudian disetujui kyai lurah,

8. Anamung yèn masa katri, radi kirang mangrênèng tyas, wit rêdi séla kang katon, sampun kanton dumuk sasat, tan tuwuh rumputira, dadya riyu-riyunipun, botên wontên mung gumêmplang.

“Hanya saja jika musim kemarau agak kurang menyenangkan hati karena hanya gunung batu yang terlihat, seakan-akan hanya tinggal seperti itu tidak tumbuh rumputnya sehingga keasriannya tidak nampak yang terasa hanya panasnya matahari.”

9. Kyai lurah nabda| sarwi, amanthuk-manthuk O iya, mawus bènêr sira tholé, wusnya makatên motor dyan, ngong rikatkên lampahnya, têrus mantuk lampahipun, ing krêtêg Ngutêr wus prapta.

Kyai lurah berkata sambil mengangguk-angguk “O iya, memang benar kamu nak.” Sesudah begitu motor kemudian saya percepat lajunya, kemudian menuju pulang, tibalah di jembatan Nguter.

10. Wontên ing ngriku swaniti, kula andhêg grêg anulya, Taliwanda utawiné, Dèn Bêkêl Wignya saksana, samya mudhun parlunya, angukur karêtêg wau, rampunging pangukurira.

Di situ kendaraan saya hentikan, kemudian Taliwanda dan juga Raden Bekel Wignya segera turun dengan tujuan mengukur jembatan tersebut. Sesuai pengukuran,

11. Nulya munggah ing swaniti, wusnya sila nèng wahana, nuntên wau rata motor, kula lampahkên myang rikat, gya prapta Sukaharja, têksih laksana rikat trus, mila sakêdhap wus prapta.

Kemudian naik ke kendaraan. Sesudah duduk di kendaraan, kemudian kereta motor tersebut saya lajukan dengan kencang, segera tiba di Sukaharja, masih terus melaju dengan kencang, maka hanya sebentar sudah tiba

12. Krêtêging Bacêm banawi, motor kula| andhêg nulya, ing sêdya kula supados, Dyan Ngabèhi Taliwanda, Bêkêl Wignya saksana, samya mudhun parlu ngukur, ing krêtêg ugi gya samya.

Di jembatan Bacem. Motor kemudian saya hentikan, maksud saya supaya Raden Ngabehi Taliwanda, Bekel Wignya segera turun untuk mengukur jembatan tersebut dan juga segera,

13. Mudhun tumandang nêpusi, ing krêtêg wéra dirganya, sarampungé pangukuré, nulya minggah maring rata, wusnya tata susila, wau rata motor laju, kula lampahkên duk prapta.

Turun menghitung ukuran panjang dan lebar jembatan. Seusai pengukuran, kemudian naik ke kereta. Sesudah menata duduk, kereta motor tersebut melaju, ketika sampai,

14. Buh ménggok rikanang maring, Pasanggrahan Langênharja, nulyèng ngong lampahkên ménggok, wit dhawuh sandhap padèndra, Ki Lurah Arungbinang, mamrih udani kalamun, pandhapining pasanggrahan.

Gapura belok menuju Pasanggrahan Langenharja. Kemudian saya belokkan sesuai dengan perintah dari bawahan raja Kyai Lurah Arungbinang untuk melihat pendapa pasanggrahan,

15. Kang wétan rinombak mangkin, prapta kula Langênharja, anjujug wismanya Radèn, Bèhi Prawira Giyota, abdi dalèm kang ngrêksa, pasanggrahan dalèm wau, wusnya tata pinanggihan.

Yang timur sudah dipugar. Setiba saya di Langenharja, langsung menuju rumah Raden Ngabehi Prawira Giyota, abdi dalem yang menjaga pesanggrahan tersebut. Seusai saling bersua,

16. Pra wanita kang manggihi, Dyan Ngantèn Prawira Pura, lungguh andhèr nèng markisé, Lojèn Wétan myang sinêgah, wédang roti mérikan, kula lan kya lurah wau, pinanggihan nèng pandhapa.

Para wanita yang menjamu Raden Nganten Prawira Pura duduk berbanjar di markis Lojen Wetan dengan dijamu air minum, roti dan camilan. Saya dan kyai lurah tadi bertemu di pendapa.

17. Sarêng sampun sawatawis, kya lurah angajak marang, Prawira Giyota déné, nglingnya ki lurah mangkana, payo kulup ngirita, lumêbu jroning pantimu, ngong arsa kêtêmu marang.

Setelah sudah sementara waktu, kyai lurah mengajak Prawira Giyota, sedang kyai lurah berkata demikian, "ayo nak antarlaha aku masuk ke rumahmu, aku ingin bertemu dengan,

18. Para wadon gawan mami, Prawira Giyota turnya, ulun tan susah andhèrèk, yoga ki lurah pribadya, lumêbêt maring griya, ki lurah radyan tumènggung, gya manjing mring madéyasa.

Para perempuan yang saya bawa. "Jawab Prawira Giyota "saya tidak usah ikut, lebih baik kyai lurah sendiri yang masuk ke rumah." Kyai lurah raden tumenggung segera masuk rumah.

19. Amargi datan udani, pra wanita lamun samya, silandhèr munggèng markisé, Lojèn Wétan cêkakira, mawus kapanggya nulya, kyahi lurah nuntèn tumut, sila nèng ngriku myang sigra.

Jelas saja tidak kelihatan, ternyata para perempuan duduk berbanjar di markis Lojen Wetan. Seusai bertemu kemudian kyai lurah ikut duduk di situ dan segera,

20. Mèlingkên kula utawi, Prawira Giyota lawan, Taliwanda sêsampuné, prapta ngriku myang wus tata, susila sumawana, sawatawis gunêmipun, kula anulya pratéla.

Berkata kepada saya ataupun Prawira Giyota dan Taliwanda. Sesudah tiba di situ dan sudah selesai menata duduk serta sudah berbincang-bincang sebentar saya kemudian menjelaskan,

21. Dhumatêng radyan ngabèhi, wau Prawira Giyota, radyan bèhi praptaning ngong, ing ngriku parlu dinuta, ing Kangjêng Sri Naréndra, dhawuh dalêm Sang Aprabu, kiyai lurah punika.

Kepada Raden Ngabehi Prawira Giyota tersebut, "raden ngabehi tibanya saya di sini dengan maksud mengantar Kangjeng Sri Narendra. Atas perintah sang raja, kyai lurah ini

22. Lan para wanita sami, kadhawuhan sowan miyat, pasanggrahan salêbêté, punapa ta parlu mawa, lapur mring pangagêngnya, kang rumêksa udyana nung, ing Langênharja punika.

Beserta para wanita ini diperintah untuk berkunjung melihat ke dalam pasanggrahan,apa harus dengan lapor kepada pembesaryang menjaga taman di Langenharja yaitu

23. Bandara Pangran Ngabèhi, Putra dalêm jêng Naréndra, kang jumênêng ajudané, ingkang jêng Gupênur Jéndral, tanah Indi Nèdêrlan, kang tinakyan anulya sung, waluyan sinom logondhang.

Bandara Pangeran Ngabehi putra raja yang ajudannya Kangjeng Gubernur Jendral tanah Indi Nederlan?" Yang ditanya kemudian memberikan jawaban dengan tembang sinom.

~ PUPUH IV ~ S I N O M

1. Kalamun pamanggih kula, rèhning punika pakarti, wus trang dhawuh dalêm ing Sang, kang mêngkoni tanah Jawi, ngadhatyan praja adi, ing Surakartyambêg mashur, asih myang| martatama, mring wadya bala gung alit, miwah mitra bangsa ing liyan nagara.

"Menurut pendapat saya perkara perintah tersebut sudah jelas perintah dari yang memimpin tanah Jawa, kerajaan yang indah di Surakarta yang termasyur berwatak penyayang dan sabar terhadap prajurit golongan besar maupun kecil serta kepada mitra bangsa di luar negara,

2. Dèn mong lan kamartotaman, marmanya kadya prayogi, taman mawi lapur ing Sang, pramodya rumêksa maring, pasraman udyanadi, lan rêhning Putra Sang Prabu, priya wêrda pribadya, wastunya sanggyèng panggalih, mirib rama natyambêg gung martotama.

Begitu dihormati dan dihargai. Maka dari itu, sepertinya tidak usah melapor kepada yang menjaga pemandian taman ini. Dan sudah barang tentu putra sang raja, lelaki yang berkepribadian luhur tentu mengizinkan. Mirip ayahnya seorang raja yang penuh kesabaran,

3. Pramana mring lèlarikan, wênang mokal sarta wajib, parlu sumawana sunat, kaèsthi ing siyang ratri, sêsampunnya Dyan Bèhi, Prawira Giyota mangsul, wau ingkang mangkana, kula gya umatur maring, Kyai Lurah Arungbinang nun sumangga.

Paham terhadap hukum, yang dilarang serta yang wajib dan juga yang sunah. Diamalkan siang dan malam.” Sesudah Raden Ngabehi Prawira Giyota menjawab seperti yang demikian. Saya segera berkata kepada Kyai Lurah Arungbinang “mari silahkan

4. Tumamèng jro udyanaraja, kyai lurah wusnya angling, maluya mring kula iya, anulya wasana maring, éndyahing kang maggihi, nênggih radèn ngantènipun, Prawira Pura sarta, suta bantyananya ngabèhi, kang bêbisik wau Prawira Giyota.

Masuk ke dalam taman kerajaan!” Sesudah itu kyai lurah berkata memberi jawaban kepada saya “iya.” Kemudian akhirnya bertemu dengan cantiknya yang menemui yaitu Raden Nganten Prawira Pura serta anak turunnya. Ngabehi Prawira Giyota tersebut berbisik,

5. Wus gèr-gèr wanita tiga, Prawira Pura utawi, sira gèr mantu Giyota, loro pisan payo sami, ngirita wanita tri, kadangmu saka prajanung, malbèng pura pèpara, wêruhna Kaputrèn tuwin, myang jronira datulayaning udyana.

“Sekarang kalian wanita tiga, Prawira Pura dan kamu anak mantu Giyota, dua sekalian ayo antarliah ketiga wanita saudaramu dari kerajaan masuk ke pura pepara tunjukkan Kaputren serta ke dalam pertambangan kerajaan.

6. Nanging samasa sira jak, ing kamar-kamar umanjing, sira ndhisikana nêmbah, gya laku dhodhok dyan linggih, kang lininga-|n matur ris, nun inggih sandika ulun, wusnya makatèn nulya, bidhal kya lurah lumaris, anèng ngayun lawan Prawira Giyota.

Akan tetapi sewaktu kalian diajak masuk ke kamar-kamar, kalian harus mengawali dengan menyembah lalu berjalan jongkok baru kemudian duduk.” Yang diberi pesan menjawab dengan pelan “iya saya mengerti.” Sesudahnya demikian kyai lurah berjalan di depan bersama Prawira Giyota,

7. Gya manjing pura cangkrama, pra wanita laju manjing, Kaputrèn wau udyana, déné kyai lurah tuwin, kula lawan Ngabèhi, Taliwanda sardanipun, Prawira Giyota gya, linggih munggèng pungkasaning, pandhapadi kang wétan madhêp pracima.

Bersegera masuk ke pura cangkrama. Para wanita berjalan masuk ke Kaputren taman tersebut. Sedangkan kyai lurah serta saya dan Ngabehi Taliwanda beserta Prawira Giyota segera duduk di bagian belakang pendapa yang timur menghadap ke barat.

8. Salbêtnya samya linggihan, wontên ing ngriku anuli, kyai lurah gya manabda, mring Prawira Giyota ris, makatên dènira ngling, kulup kandhanana aku, pandhapa ingkang wétan, karombak puniku kaki, karsa dalêm kapri-|yé ing têtmbénira.

Selama duduk di situ kemudian kyai lurah segera berkata kepada Prawira Giyota dengan pelan, demikian perkataannya “nak jelaskan padaku, pendapa yang timur ini apa sudah dipugar, keinginan sang raja nantinya bagaimana,

9. Apa ta puniku bakal, ngadêg kamulyakkên maning, kadya duk samanaira, Prawira Giyota angling, nun botên ngadêg malih, karsa dalêm jeng Sang Prabu, kantung dhapi pracima, jrambahnya kang dènlinggihi, punika kang katêksihkên ananging ta.

Apakah akan dibangun diperbagus kembali seperti dahulu kala?” Prawira Giyota berkata “sudah tidak didirikan kembali, keinginan sang raja hanya pendapa barat yang lantainya untuk diduduki itu yang disisakan, hanya saja

10. Kaingêr wuwung kinarya, mujur mangidul dumadi, mangétan adhêping wisma, wisma pandhapi puniki, kyai lurah mangsuli, iya kang mangkono kulup, pangudarasaningwang, têtgêse kiraku kaki, bok manawa karsa dalêm jêng Sri nata.

Atapnya diputar dengan Panjangnya mengarah ke selatan, sehingga Rumah menghadap ke timur, rumah pendapa ini.” Kyai lurah menjawab “Iya, yang demikian itu nak perkiraan saya maksudnya saya kira kalau saja keinginan sang raja

11. Mrih plataran wimbuh wéra, éwadéné têtmbé wuri, nata rasanya gumêmplang, wastunya mawus ginalih, sinung| mandira warsi, têtgêse wiwitan taun, sawusa samyanira, soré taman dèn dièdi, mrih mimbuhi sênêngé para suméwa.

Supaya halaman diperluas meskipun nanti kerajaan terasa semakin panas tentu sudah dipikirkan di mandira warsi maksudnya awal tahun. Sesudah semuanya selesai bawah taman diperbagus untuk menambah senang yang berkunjung.

12. Lèn catur kyai baita, Rajamala kadya kèksi, nèng pinggir pracima yoga, iki mêngko lamun mami, budhal mulih ngampiri, sêdyayun umiyat prahu, Kiyai Rajamala, Prawira Gyota mangsulris, nun prayogi pra wanita mrih wuninga.

Beralih pembicaraan, perahu Kyai Rajamala sepertinya terlihat bagus di pinggir barat. Ini nanti jika saya berangkat pulang mampir, maksud hati melihat perahu

Kyai Rajamala.” Prawira Giyota menjawab dengan pelan “itu bagus agar para wanita tahu.”

13. Sampunnya para wanita, mubêng-mubêng ngarsa wingking, rêsik sajroning udyana, sadaya dènudanèni, gya nusul mring pandhapi, sawusnya satata lungguh, yata wau Dyan Ngantyan, Prawira Pura anuli, lapur marang Kyai Lurah Arungbinang.

Seusai para wanita berkeliling depan belakang di kesemua bagian taman semua telah diamati segera menyusul ke pendapa. Sesudah menata duduk tersebut tadi Raden Nganten Prawira Pura kemudian melapor kepada Kyai Lurah Arungbinang,

14. Kula nuwun anggèn kula, kadhawuhan ngirit maring, pra kadang èstri têtiga, mrih sumêrêp salêbêting, kadhatyan udyanadi, nun sampun salêsih samu, lwirnya samu sadaya, tan wontên kècèr sasiki, kadang éndyah saking praja sarêng miyat.

“Permisi, di sini saya diminta untuk mengantar ketiga saudara perempuan untuk mengamati taman kerajaan sudah diamati samu maksunya samu semua, tak ada satu pun yang terlewat. Saudara-saudara cantik dari kerajaan ketika melihat

15. Nuwun ing got toyanira, kula sumêt rèk anuli, murub kadya urubira, janèwêr dipunbêsêmi, dahat gumuning ati, samya kèkêl gujêngipun, sami tanya witira, toya wau saking pundi, lajêng kula ajak maring bur guskara.

Air di parit saya nyalakan dengan korek kemudian menyala seperti nyala arak yang dibakar mereka begitu terheran-heran, semuanya tertawa lepas, semua bertanya asal air tersebut dari mana. Kemudian saya ajak ke sumur tancap.

16. Lah punika witing toya, pra kadang wanita katri, tumuntên sami wacana, É kok anèh tèmên warih, tirtèki kang upami, wignya dadi petroliyum, saiba supangatnya, ing Kangjêng Sri Narapati, maring putra wangsa myang wadya kawula.

Nah inilah asal air. Saudara wanita tiga kemudian berkata “wah kok aneh benar air ini, seandainya bisa jadi minyak tanah betapa berkahnya bagi sang raja serta bagi anak cucu dan prajurit seperti saya.”

17. Wusnya Dyan Ngantèn pêparab, Prawira Pura kèndêl ngling, dènya matur mring kya lurah, kiyai lurah anuli, wacana aris maring, Prawira Giyota wau, makatên wacananya, rêhning aku lan parèstri, goné miyat kagungan dalêm udyana.

Seusai raden nganten yang bernama Prawira Pura selesai berbicara melapor kepada kyai lurah. Kyai lurah kemudian berkata dengan pelan kepada Prawira Giyota. Demikian perkataannya “seusai aku dan para wanita melihat-lihat taman sang raja,

18. Rêsik sanggya kawaratan, myang pangèstu jêng Sang Aji, ginanjar tulus raharja, marmané ing mangkya kaki, aku lawan ngabèhi, Atmasukatga sartèku, parèstri sadayanya, lilanana budhal mulih, sarta mampir umiyat Kya Rajamala.

Sudah paham semua yang janggal, dengan memohon restu Tuhan agar diberi keselamatan, inginnya nanti nak, saya dan Ngabehi Atmasukadga serta tersebut para wanita semua diperkenankan pulang serta mampir melihat Kyai Rajamala.”

19. Prawira Gyota maluya, nuwun sumangga ing kapti,gya bidhal sadayanira, sumawana kang mong tami, Atmagiyota èstri, tri wau samya tut pungkur, miyat Kya Rajamala, wusnya samya manjing maring, kagungan sang baita Kya Rajamala.

Prawira Giyota menjawab “ mari silahkan!” Semua segera berangkat beserta tuan rumah Atmagiyota, perempuan tiga tadi semua mengantarkan melihat Kyai Rajamala. Sesudah semua masuk ke dalam perahu Kyai Rajamala.

**~ PUPUH V ~
G A M B U H**

1. Gambuh dènya andulu, para èstri swaminya katêlu, Arungbinang Kadga Taliwanda angling, sêmunira samya gumun, umiyat kagungan Katong.

Berulang-ulang mereka mengamati, para ketiga wanita istri Arungbinang, Kadga, Taliwanda berkata disertai rasa terheran-heran melihat kepunyaan sang raja

2. Kya Rajamala prahu, ingkang karya gumunirèng kalbu, dènya agêng dirga bagus gumarining, saya maning dupyandulu, jamban agêm Sang Akatong.

Perahu Kyai Rajamala yang membuat takjubnya kalbu. Begitu besar, panjang, mempesona. Apalagi ketika melihat kamar mandi sang raja,

3. Pèni èdi myang bagus, pangalêmé têmbung tumpu-|k-tumpuk, jamban iki ayak waragaté nganti, ora kurang saka pétung, limang atus sèkêt kêtôn.

Begitu indah serta bagus kata-kata pujian bertumpuk-tumpuk. Kamar mandi ini kira-kira biayanya tidak kurang dari Rp 1.375,-.

4. Wusnya watara wau, kyai lurah awacana arum, mring pra èstri mangkana dènira angling, gonmu padha miyat prahu, apa wus têtang panonton.

Sesudah sementara waktu, kyai lurah berkata pelan kepada para perempuan, demikian perkataannya “apakah dalam kalian melihat perahu sudah jelas?”

5. Pra èstri maluya rum, inggih sampun trang samyamba dulu, kyai lurah anulya manabda aris, yèn mangkono payo uwus, mangkat mulih nunggang motor.

Para perempuan menjawab dengan pelan, “iya, kami sudah jelas dalam melihat.” Kyai lurah kemudian berkata dengan pelan “kalau begitu, ayo berangkat pulang naik motor.”

6. Nulya budhal sing prahu, prapta cakêтира rata laju, tamu tuwin kang dipuntamoni sami, bagé-binagé rahayu tamu gya anunggang motor.

Kemudian berangkat dengan perahu sampai di dekat kereta. Tamu serta tuan rumah saling mendoakan, tamu segera naik motor.

7. Wusnya atata lungguh, jalêr èstri kang nèng motor laju, manthuk maring kang mong tamu pasmon dadi, ngambali bagé rahayu, déné kang tanpa pasêmon.

Seusai menata duduk, laki-laki perempuan yang berada di dalam motor mengangguk kepada tuan rumah sebagai tanda mengulang berbagi doa keselamatan. Sedangkan yang menerima isyarat

8. Malês mên dhak myang manthuk, ugi dadya ngambali bagyayu, rata motor kula lampahkên tumuli, tot-tèt pasmon mring wong mlaku, minggira ngétan mangulon.

Membalas merunduk disertai anggukan yang juga menjadi tanda mengulangi berbagi keselamatan. Kemudian kereta motor saya lajukan, tot-tet menjadi peringatan bagi orang yang berjalan, minggirlingah ke barat atau ke timur.

9. Dupyantara motor tutug, wétan Masjid Agung udyananung, mamrih wau gégawan para pawèstri, tumonton sapantêsipun, nulya mudhun saking motor.

Hingga sementara waktu motor sampai di timur taman Masjid Agung. Supaya para rerempuan yang dibawa melihat-melihat seperlunya, kemudian turun dari motor.

10. Wusira samyandulu, mring kagungan dalêm masjid wau, nulya wangsul anumpak mring motor malih, wusnya tata déra lungguh, munggèng jro wahana motor.

Seusai semua mengamati masjid tersebut kemudian kembali ke motor. Seusai menata duduk, Kendaraan,

11. Punika kula laju, mawèh pasmon tattèt sarta tit-tut, motor tanggap sès-sès dènira aturi, gya laksita sêr sumêbut, turut lurung mujur ngalor.

Tersebut saya lajukan dengan memberi isyarat tat-tet serta tit-tut. Menurut saya motor bersuara ses-ses. Kemudian berjalan lambat di jalan yang mengarah ke utara.

12. Malih kumandhir ulun, thot-thot thit-thot motor wau laju, tanggap ménggok mangétan laksana ngênthir, ngong malih sasmita tat-tut, motor tampi ménggok ngalor.

Saya senantiasa terus berjalan tot-tot tit-tot motor tersebut melaju. Pertanda motor hendak belok ke timur lurus. Saya memberi isyarat tat-tut kembali pertanda motor hendak belok ke utara

13. Lurung sêmunya mujur, ngalor ngétan motor dènnya mlayu, ngêpêng rikat raosnya marang ing dhiri, gêtêr myang angin sumrubut, brêbêt-brêbêt ménggok ngulon.

Ke jalan yang agak mengarah ke utara agak ke timur. Motor melaju kencang sekali, rasanya badan menjadi gemetar oleh angin semilir yang wus-wus. Belok ke barat

14. Ngambah kampungan lurung, Jagasuran sartanira lurung, Jagaprajan kula gya kumandhir rindhik, mrih wadon kang samya lungguh, wontê-|n ing swaniti motor.

Menapaki jalan perkampungan Jagasuran serta jalan Jagaprajan. Saya kemudian berjalan dengan lambat supaya perempuan yang sedang duduk di dalam motor

15. Sêrêpa wismanipun, sanak kanca kang mangindhung kampung, Jagasuran Jagaprajan kasbut nginggil, kyai lurah dyan tumênggung, wiwit motor wau ménggok.

Tahu rumah sanak saudara yang tinggal di perkampungan Jagasuran, Jagaprajan yang disebutkan di atas. Kyai lurah raden tumenggung sejak tadi motor belok,

16. Sakêdhap-kêdhap amung, tudhang-tudhing nuduhkên mrih wêruh, para èstri kang nunggil juga swaniti, mring wismèng kanca sadulur, iki Atmasupana gon.

Sebentar-bentar hanya menunjuk-nunjuk memberi tahu para perempuan yang menjadi satu dalam kendaraan, mengenai rumah sanak saudara. Ini tempat Atmasupana,

17. Hla iki wismanipun, lé raharja puniku sadulur, saduluré Singadiwiryana Ngabèhi, hla-hla iki wismanipun, Atmasupana dipunwroh.

Nah ini rumahnya, anak tersebut saudara Ngabehi Singadiwiryana. Nah ini rumahnya Atmasupana sudah diketahui.

18. Hla iki wismanipun, Singadiwiryana mau jêjuluk, hla-hla iki wismané tholé ngabèhi, Sastraukara nganggo buh, Èsmutanèn ra-|da kulon.

Nah ini rumahnya Singadiwiryana yang disebut tadi. Nah ini rumahnya Ngabehi Sastraukara yang disertai gapura. Esmutani agak ke barat.

19. Samya ngingêtna kidul, méngko aku nuduhkên gonipun, Èsmutani hla-hla wruha iku panti, pantinira èsmu mau, ngaliha nonton mangalor.

Menolehlah ke selatan nanti aku tunjukkan tempat Esmutani. Nah lihatlah rumah itu, rumah esmu tadi. Beranjaklah menoleh ke utara,

20. Hla iku wisma bagus, Mangkudiningratan kula laju, kumandhir mring motor lan sasmita naming, têt-tit tut-tèt tit-tut laju, ngrêtos tampi sos-sos motor.

Nah ini rumah megah Mangkudiningratan. Saya terus melaju Berjalanlah motor dengan memberi isyarat tet-tit tut-tet tit-tut, melaju hingga bersuara sos-sos. Motor

21. Rikat laksitanipun, kluwêng ménggok manguntara têtus, ing Gêmblēgan mangalor kewala prapti, prapatan Cayudan laju, kaluwêng ménggok mangulon.

Melaju dengan kencang, lalu belok ke utara lurus menuju Gemblegan, ke utara sebentar sudah sampai perempatan Cayudan. Terus melaju lalu belok ke barat,

22. Tan antara puniku, gya kaluwêng ngalor ménggokipun, kluwêng maning ménggok mangulon lumaris, du-|pyantara mawus tutug, pungkas wétan Kêbon Katong.

Tak lama kemudian belok ke utara, lalu belok ke barat lagi, hanya sebentar sudah sampai di timur Kebon Raja.

23. Nulya kumandhir ulun, klak-klêk motor mangrêti tyasipun, sigra rindhik gumlêsêr déra lumaris, ki lurah nulya anuduh, maring wau para wadon.

Kemudian saya melaju, klak-klek suara motor. Segera iperlambat jalannya, kyai lurah kemudian menunjukkan kepada para perempuan,

24. Yaiki taman agung, Kêbon Raja kagungan Sang Prabu, motor ngrêti ménggok-ménggok angubêngi, Kêbon Raja ngantya kêmput, têtumu gêlang para wadon.

Inilah taman agung Kebon Raja milik sang raja. Motor kemudian mengelilingi Kebon Raja hingga selesai secara keseluruhan. Para perempuan

25. Samya trang dènyandulu, sawatawis rêhning lugunipun, wadon lawan wong priya béda sayêkti, lanang kêrêp kluyag-kluyug, kliyêg-kliyêg anênonton.

Sudah jelas dalam mengamati, hanya sebentar oleh karena sebenarnya perempuan dan laki-laki itu sangat berbeda, laki-laki sering keluar bermain melihat-lihat,

26. Gêgirang manah patut, munggèng paron sanggèn-ènggèn patut, wangsul èstri yèn priyanya tan ngidèni, utama nyèngkêr barukut, badan ulat binarongsong.

Mencari hiburan di sembarang tempat pantas. Lain halnya dengan para perempuan jika suaminya tidak mengizinkan lebih utama tidak berangkat. Menutup aurat dan menjaga pandangannya.

27. Éwadéné kalamun, nuju wêdal kaumbar ing kakung, ingkang suka sênêng tyas kinanthèn eling, traping raga ulatipun, kang utama ing pasêmon.

Hanya saja jika menuju waktu harus dipersembahkan kepada suami harus disertai dengan rasa senang dalam hati disertai badan yang bersih serta paras yang manis dalam raut wajah,

28. Lawan manah kalamun, sami wadon nuju kumpul-kumpul, ingkang kêndêl têtêg ingkang ngati-ati, aja kéwat ywa gumaut, kang prasaja ing paclathon.

Dan juga dalam hati. Jika para perempuan hendak bersosialisasi harus teguh pendirian, harus berhati-hati, jangan sombong, jangan merasa paling bisa, yang berhati-hati dalam berbicara.

29. Luwih manèh kalamun, kumpul lawan jalu mèlu lungguh, wimbuhana ing kalbu dèn ngati-ati, wit saka wadon lan jalu, sanggya budi saprawolon.

Terlebih lagi jika ikut berkumpul dengan laki-laki harus lebih berhati-hati karena parempuan dan laki-laki pengetahuannya satu banding delapan.

30. Lan manah wanitèku, ingkang lêgan dèn ngandêl ing kalbu, mring sipatnya Pangéran rahmanirakim, wajidaha wajidahu, tinurutan ing Hyang Manon.

Dan hati wanita itu harus lebih bisa menerima dan percaya terhadap sifat Tuhan Rahmanirrahkim, yang terjadi terjadilah, semua atas kehendak Tuhan.

31. Nanging tinurut mau, amiliha lêlakon rahayu, lwirnya ayu bêcik sartanya basuki, saniskara ing panggayuh, dèn sêdya mring karahayon.

Akan tetapi dari situ maka pilihlah jalan hidup yang rahayu, maksudnya ayu yakni baik, serta selamat, tak ada penghalang bagi keinginan, semua keinginan tercapai.

32. Galadrah wuwus luhur, nging upami katulat satuhu, ing sarèhning wiyata langkung utami, wus tamtu nêmu rahayu, iya sira rata motor.

Seperti yang telah disebutkan di atas, jika diamalkan dengan benar menjadikan lebih utama. Sudah tentu menemukan keselamatan. Tersebut kereta motor

33. Kaluwêng ménggokipun, kulon Priyabandan ngalor têtus, prapta lurung sakiduling Pèpé Kali, kluwêng ménggok lurungipun, sêmu mujur| ngétan ngalor.

Lalu belok ke barat, Priyabandan lurus ke utara, sampai di jalan sebelah selatan Kali Pepe. Lalu belok, jalannya mengarah ke timur agak ke utara.

34. Puniku gya jumêdhul, lurung cakêt ing sakidulipun, balé rata sêtatsiyun agung nami, ing Balapan ménggok ngidul, anginthar kéwala motor.

Segera didapati jalan sebelah selatan dekat setasiun agung yang bernama Balapan, lalu belok ke selatan melaju sebentar motor

35. Nulya ngétan asêmu, ngidul anjog ing samadyanipun, bacira ing Mangkunagaran anuli, sêmu ngétan ngambah lurung, Sêtabêlan malih ménggok.

Kemudian ke timur agak ke selatan, tiba di tengah-tengah alun-alun Mangkunagaran. Kemudian agak ke timur sampai di jalan Setabelan. Kemudian belok

36. Lurung pratêlonipun, Tambaksagaran mangétan laju, gya mangidul Pasar Gêng dipunubêngi, pacinan kang samya ngêpung, Pasar Klithikan tinonton.

Ke jalan pertigaan Tambaksagaran. Berjalan ke timur kemudian ke selatan mengelilingi Pasar Gedhe, pacinan yang banyak mengerumuni. Pasar Klithikan terlihat.

37. Gya ngétan ménggok tutug, Krêtêg Gantung têksih lajêng ngidul, nulya ménggok ngambah lurung saki-|duling, Bètèng Loji ménggok ngidul, ing Galadhag rata motor.

Kemudian belok ke timur sampai Kreteg Gantung masih lurus ke selatan. Kemudian belok melewati jalan sebelah selatan Beteng Loji, belok ke selatan ke Gladhag. Kereta motor

38. Trus manjing alun-alun, lajêng ngambah kilèn Wringin Kurung, ménggok ngétan angambah tuwin nglangkungi, sangajênging dalêm agung, kagungan dalêm Sang Katong.

Lalu masuk alun-alun lalu melewati barat Ringin Kurung. Belok ke timur lewat depan kerajaan milik sang raja.

39. Tuwu kalamun bagus, jrambah luhur wiyar ngaluk-aluk, nguni nama Pagêlaran mangkya nami, Sanasuméwa puniku, karsa dalêm Sang Akatong.

Begitu megah, lantainya bagus dan begitu luas. Dahulu kala dinamai Pagelaran sekarang dinamai Sanasumewa. sang raja

40. Inggang aparing wau, nama saha inggang karya bagus, saandhaping pada dalêm Sri Bupati, kang Jumênêng ping sapuluh, kluwêr motor nulya ménggok.

Yang memberi nama serta yang memperbagus dibawah pemerintahan sang raja yang ke-X. Motor kemudian belok

41. Mangidul dupi tutug, wétan Sasana Suméwa laju, ménggok ngétan sama-|ntara ménggok malih, ngidul Baturana tutug, kaluwêr ménggok mangulon.

Ke selatan sampai Di timur Sasana Sumewa. Lalu berjalan belok ke timur lalu belok ke selatan sampai di Baturana. Kemudian belok ke barat.

42. Ing Gadhing ngulon têrus, nanging samantara motor laju, ménggok ngalor prapta ngayun kabupaten, kaparak kéring puniku, kaluwêng ménggok mangulon.

Di Gading, ke barat lurus tetapi hanya sebentar, lalu motor belok ke utara sampai di depan kabupaten. Diarahkan ke sebelah kirinya, lalu belok ke barat.

43. Tan tawis dangunipun, ngalèr prapta butulan kilèn trus, manjing ngétan gya ménggok mangalor dupi, wau swaniti kang sinung, anama karéta motor.

Tak lama kemudian ke utara sampai di butulan kilen lalu masuk ke timur kemudian belok ke barat sampai. Kendaraan yang tersebut dinamai kereta motor

44. Prapta sipatanipun, margi alit kang mring pantinipun, kyai lurah nulyèng ngong andhèg grèg dupi, wus kèndèl kya lurah laju, mandhap dé ngong sakarongron,

Sampailah Di jalan kecil menuju rumah kyai lurah, kemudian saya hentikan. Sesudah berhenti kemudian kyai lurah turun, sedang saya berdua

45. Kurmat samya tut pungkur, sarèng| sampun prapta régolipun, kyai lurah kang tinut myang kang nut wuri, jalwèstri bagya rahayu, sampatnya ngong wangsul ngulon.

Memberi hormat dan mengiring. Setelah tiba di gapura, kyai lurah kepada yang mengiring laki-laki dan perempuan saling berbagi doa keselamatan. Setelah selesai, saya kembali ke barat

46. Marang ing ênu wau, goning motor kula numpak laju, sarimbitan swamèng ngong kula anuli, agnya motor mrih lumaku, motor gya laksana ngalor.

Menuju jalan tempat motor saya naiki, berdua dengan istri saya kemudian motor saya lajukan. Motor melaju ke utara

47. Ménggok mangétan tutug, kori wisma ngong myang swami mudhun, manjing wisma bukak èrloji jam kalih, kula dyan sowan malêbu, gya munjuk kangjêng Sang Katong.

Belok ke timur sampai di pintu rumah saya. Kemudian kami turun masuk rumah membuka arloji pukul dua. Saya kemudian bekunjungmenghadap sang raja.

48. Dhawuh dalêm Sang Prabu, kinèn kadya omong-omong amung, sabèn ngadhêp lawan kanca kang sumiwi, kadya| kasêbut ing luhur, maning omong kasbut sinom.

Sang raja berkehendak disuruh seperti halnya hanya berbincang-bincang saja. Setiap menghadap yakni dengan teman seperti yang disebut di atas. Berbincang yang disebut tembang Sinom kembali.

~ PUPUH VI ~
S I N O M

1. Dadya gunggungirèng sêkar, nênm sinom ngaping kalih, sinom pungkasan kinarya, mêngêti ukuran maring, krêtêg kèhnya winilis, catur kang wiwit dènuhur, karêtêging bangawan, ing Padhasgêmpal pinanggih, nênm mêtêr astha dhèsi wiyarira.

Jadilah bangunan tembang ke enam yakni Sinom yang ke dua. Sinom yang terakhir dibuat. Memperingati ukuran jembatan yang jumlahnya sudah ditentukan yakni empat, yang pertama diukur jembatan Padhasgempal didapati lebarnya 6 m lebih 8 dm,

2. Déné ukuran dirganya, satus gangsal mawa lêwih, satêngah mêtêr déné ta,krêtêg Samaulun kali, ukurannya pinanggih, tigang mêtêr langkungipun, sangang dhèsi wiyarnya, dé dirganira pinanggih, satus kalih mêtêr pétang ukurira.

Sedangkan ukuran panjangnya 105 lebih 0,5 m. Sedangkan jembatan Samaulun Ukurannya 3 m lebih 9 dm lebarnya, sedangkan panjangnya 102 m.

3. Dé krêtêg Ngutêr wiyarnya,sakawan mêtêr tan luwih,déné ukur panjangira,satus gangsal mêtêr luwih, amung sêsanga dhèsi, déné krêtêg Bacêm wau, ukuran wiyarira, kawan mêtêr sangang dhèsi, panjangipun satus kawan likur pétang.

Sedangkan jembatan Nguter lebarnya 4 m tak ada lebihnya, sedangkan ukuran panjangnya 105 m lebihnya hanya 9 dm. Sedangkan jembatan Bacem ukuran lebarnya 4 m 9 dm, Panjangnya 124

4. Mêtêr ukuran Éropah,gumlaring crita mêngêti,ginubah sinambi séba, ing siyang kalawan ratri, kang samya dèndhawuhi, bêsiyar marang ing purug, kang wus kasêbut bêtêr, prapta wismanya basuki,déning saking pangèstu dalêm Sri Nata.

M ukuran Eropa. Tersusunnya cerita peringatan dikarang sewaktu menghadap di siang dan malam. Semua yang ditugasi melakukan perjalanan ke tempat yang sudah disebutkan di depan, sampai di rumah dengan selamat berkat doa restu dari sang raja.

5. Amila katri wadyèndra, sarimbit santa pudya mring, ing Gusti Kang Maha Mulya, sinêbut rahmanirakim, kang mugè amimbuhi, murah sih mring Gusti ulun, kamulyan karaharjan, nyupangati garwa siwi, wangsa wadya kawula satanah Jawa.

Maka ketiga prajurit raja yang berpasangan mengucapkan syukur kepada Tuhan Yang Maha Mulia yang disebut Rahmanirrahkim. Yang mudah-mudahan menambah kemurahan hati kepada raja kami, kemuliaan dan keselamatan. Bermanfaat bagi anak istri, keturunannya, serta prajurit setanah Jawa.

6. Sampating mangun ukara, sinawung kidung supadi,dudyat16 arsayèng wardaya, nadyan arungsit kapati, binangkitkên dumadi, dèdalan wawênganipun, tan kawêkên anggubah , têngbung têngbung sagêd manis, ing wêkasan manisé asêmu sêpa.

Selesaiya menyusun kalimat dibuat tembang supayamembangkitan senangnya hati. Meskipun dalam menyusunnya sulit, namun dengan semangat maka jadilah. Susunannya tidak boleh diubah, dengan maksud agar kata dalam tembang menjadi manis, karena nanti manisnya agak hambar.

7. Kocapan kang dipunkêcap, lir pada pincang dumadi, gumlindhinging sêmu gronjal, sajroning sapada lungsi, kèh kêcapan mancasi, tan cocog lan lagunipun, wit saking lukitanya, dèrèng jangkêp ing sakrami, kadêrèng tyas mardi budi kêkidungan.

Perkataan yang diucapkan menjadi seperti kaki pincang sehingga jalannya agak bergelombang. Dalam setiap akhir kata pada bait, banyak ucapan yang berlebihan tidak cocok dengan aturan persajakannya. Oleh karena ilmunya belum lengkap, belum mengerti ilmu tembang,

8. Marma upami cinêda, déning kang para winasis, sawastu amung narima, mandar santya pudyà maring, rikanang pra winasis, nuli ngayomi kang wahyu, kawindra kanugrahan, mirib supangating Nabi, panutuping pra Ambiya waspadèng tyas.

Maka berlapang dada jika disalahkan oleh yang ahli. Sungguh hanya menerima, dan justru mengucapkan terimakasih kepada para ahli tersebut, yang kemudian mau menjaga karya pujangga termasyur yang diberkahi, seperti Nabi Penutup para Ambiya yang senantiasa waspada.

9. Sadèrèngira winarah, saiba bingahing ati, kanton pruwita kéwala, ing ngélmü tatrapan asih, mrih sipat sasawiji, kang ajêg ngumandhang ngurung, andadèkkên sabarang, sakaliring alam bangkit, nuntun atul têkdir ékramé sampurna.

Sebelum saya mengajarkan betapa senangnya hati mau berguru terhadap ilmu tentang sifat wajib, istikomah dalam melaksanakan dan menjaga. Menjadikan segala sesuatu, semua yang ada di alam sebagai penuntun menuju ketaukhidan yang sempurna.

10. Punika srat winastanan, Sri Utama dènya dadi, kawastanan Sri Utama, déné para ingkang sami, srimbitan bêsiyar mring, wanarga bêbungah kalbu, wit sabab bangkitira, mabur sasat nunggang thathit, tuhu déning utamèng jêng Sri Naréndra.

Inilah serat yang dinamai Sri Utama, menjadikannya dinamai Sri Utama oleh karena mereka yang berpasangan melakukan perjalanan ke Wanagiri bersenang hati karena perjalanannya begitu cepat seperti halnya naik petir, patuh terhadap tugas utama sang raja.

11. Cinupêt kêcap cinancang, nèng crita niti masani Sukra Wagé nuju tanggal, ping tri likur Rabyalakhir, taun Dal angka warsi, wiku suci ngèsthi ratu, katêtuman sungkêmnya, ing narésvara wit saking, kanton mangsul sih Nata lir| truh sarkara.

Kata telah terbatas tak mampu menjawab, waktu selesainya cerita Jumat Wage tanggal dua puluh sembilan Rabiluakhir tahun Jimawal 1847. Selalu dinanti persembahannya oleh sang raja karena membuat raja kembali senang bagai tersiram kata-kata manis.

Umur naskah adapt diketahui dari keterangan waktu selesainya naskah ditulis, yakni pada hari *Sukra Wage* (Jumat Wage), 23 Rabiulakhir 1847 tahun *Dal* atau 17 Pebruari 1917 M. di tulis oleh Ngabehi Atmasukadga.

~ @ @ @ ~